



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLASYON POU EKIPE VIKTIM KRIM YO

Lejislasyon (S.9359/A.7487) elaji ki dokiman ki ka itilize pou montre vòl idantite nan kèk sikonstans ki gen rapò ak koleksyon dèt

Lejislasyon (S.8975/A.7489) elaji elijiblite moun ki viktim difizyon oswa piblikasyon ilegal imaj entim, ke yo konnen tou kòm "Revenge Porn"

Lejislasyon (S.8976/A.7502) elaji elijiblite viktim krim miz andanje enpridan yo nan dezyèm ak premye degre

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif pou ekipe viktim krim yo. Pake pwojè lwa konplè sa a elaji sa ki kalifye kòm dokiman pou vòl idantite epi ogmante elijiblite viktim difizyon ilegal imaj entim, ansanm ak miz an danje enpridan. Pwojè lwa sa yo pral ede leve viktim zak odye sa yo epi ba yo opòtinite pou yo chèche jistis.

"Nan New York nou kwè fòtman nan pwoteje ak nan relve tout viktim yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pake lejislatif sa a pèmèt viktim ki pa te blese fizikman pou toujou jwenn konpansasyon pou lòt enpak plizyè krim - pran yon etap enpòtan pou ede viktim yo chèche jistis yo merite."

Lejislasyon (S.9359/A.7487) elaji ki dokiman ki ka itilize pou montre vòl idantite nan kèk sikonstans ki gen rapò ak koleksyon dèt. Kounye a, materyèl sa yo ka gen ladan rapò Komisyon Komès Federal (Federal Trade Commission, FTC) ak rapò Fòs Lòd yo, ansanm ak dokiman tribinal penal ak familyal yo. Sa a ogmante pwoteksyon pou viktim vòl idantite yo lè li mande kreditè yo sispann aktivite koleksyon jiskaske yo fini revize kèk enfòmasyon. Dapre lwa ki egziste deja, viktim vòl idantite yo te dwe ranpli yon rapò lapolis pou yon kreditè sispann koleksyon, san okenn altènativ si pa te depoze yon rapò lapolis. Sa a pral pèmèt plis viktim vòl idantite yo mete zak odye sa yo dèyè yo.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Vòl idantite afekte Nouyòkè yo nan tout domèn nan lavi yo, epi li ka rive nenpòt nan nou. Dapre lwa aktyèl la, kreditè yo ka sispann aktivite koleksyon sèlman si viktim vòl idantite yo ranpli yon rapò lapolis ki dokimante vòl prezime a, san okenn altènativ akseptab. Kèk viktim ki gen dwa pa santi yo an sekirite pou ale nan lapolis pou rapòte aktivite sa yo gen plis difikilte pou pwouve lejitimite reklamasyon yo. Lejislasyon mwen an elaji pwoteksyon nan New York kounye

a ki gen ladann depo nan tribinal familyal, fòmilè Viktim Vòl Idantite Komisyon Komès Federal (FTC) ak plis ankò kòm dokiman akseptab ki nesèsè pou debite yo sispann efò koleksyon jiskaske revizyon yo fini. Bay lòt fason sa yo pou rapòte viktim sa yo kòrèkteman se sa ki bon pou nou fè - epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li pwoteje konsomatè yo lè li rann li pi fasil pou yo jwenn sekou finansye."

Manm Asanble Charles Fall te deklare, "Mwen ansanm ak anpil Nouyòkè ki te afekte pa vòl idantite, espesyalman pa yon moun yo ka konnen, remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon mwen an jodi a. Bay viktim yo, espesyalman viktim vyolans domestik ak viktim abi sou granmoun aje yo yon lòt fason pou rapòte viktim sa yo nan mezi debite yo sispann efò koleksyon yo pandan y ap konsidere lòt faktè se sa ki bon pou nou fè."

Lejislasyon (S.8975/A.7489) ogmante elijiblite viktim difizyon oswa piblikasyon ilegal yon imaj entim jan sa defini nan seksyon 245.15 nan Lwa Penal la (Pònografi Revanj (Revenge Porn)). Dapre lwa aktyèl la, pou yo ka kalifye pou ranbousman pou kèk depans ki gen rapò ak krim, you moun dwe yon viktim yon krim ki blese fizikman. Pwojè lwa sa a pèmèt yo ranbouse moun ki viktim difizyon ilegal imaj entim. Sa a bay viktim zak pònografi revanj yo plis pouvwa epi li pèmèt yo kolekte domaj pou sa yo te andire.

Senatè Eta Julia Salazar te deklare, "Pwojè lwa sa yo elaji lis ofans viktim krim lan ka resevwa konpansasyon pou yo. Sa ede ranpli twou vid ki genyen ke lwa anvan an te kite gran ouvri. Nou vle asire ke viktim tout enfraksyon, kèlkeswa si gen blesi fizik ou pa, yo pwoteje ak konpanse kòm sadwa."

Monica Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare, "Krim pònografi revanj lan kite sikatris emosyonèl ak sikolojik ki fè soufri ak dirab menm jan ak sikatris yo te soufri nan yon agresyon fizik. Se poutèt sa, lejislasyon sa a pèmèt viktim yo ki te gaye imaj entim yo ilegalman resevwa menm sèvis ak konpansasyon ak viktim lòt krim, tankou aksè ak konsèy sante mantal ak depans demenajman. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan lejislasyon sa a epi paske li bay viktim pònografi revanj yo zouti yo bezwen pou geri."

Lejislasyon (S.8976/A.7502) elaji elijiblite viktim krim miz andanje enpridan yo nan dezyèm ak premye degre. Dapre lwa aktyèl la, pou yo ka kalifye pou ranbousman viktim yo dwe blese fizikman pa miz andanje enpridan. Pwojè lwa sa a pèmèt viktim yo kapab jwenn konpansasyon san yo pa blese fizikman, sa ki bay viktim yo plis pouvwa.

Manm Asanble Jennifer Lunsford te deklare, "Avèk nouvo lwa sa a, Eta New York bay viktim krim yo sipò yo bezwen pou yo retounen sou pye yo. Viktim yo gen bezwen apre krim miz andanje enpridan ki grav, tankou lè yon moun ame tire men ki rate yo, oswa yon machin k ap kouri a gran vitès ki prèske touye yo nan yon lari. Malgre krim sa yo pa lakòz blesi fizik, chòk mantal ak emosyonèl ki te koze a kapab reyèl ak lakoz feblès tou menm jan ak twomatiz fizik la. Ak sinyati lwa sa a, eta nou an pran angajman pou l bay viktim krim yo èd konplè yo bezwen."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418